

Aplikasyon pou Admisyon Volontè (Etablisman Tretman Leta)

Mwenmenm, _____ prezantman aplike pou admisyon nan
Ekri non moun ki mande admisyon an an karaktè enprimri

Mete non etablisman an

Pou obsèvasyon, dyagnostik, swen, ak tretman twoub mantal mwen genyen, epi mwen sètifye ke enfòmasyon mwen bay nan aplikasyon sa a se laverite epi kòrèk selon tout konesans ak kwayans mwen.

Mwen fè aplikasyon sa a pou admisyon volontè aprè kont eksplikasyon ak revelasyon pou m ka pran yon desizyon ak tout konesans ak volonte m san yo pa fòse m, san twompri, blòf, kontrent, oswa lòt fòm kontrent oswa presyon. Men pou ki rezon mwen mande admisyon nan etablisman sa a:

_____.

Mwen se yon granmoun ki konpetan avèk kapasite pou mwen pran desizyon ki byen rezonab, avèk tout volonte m ak konesans konsènan tretman medikal oswa lasante mantal mwen. Mwen pa genyen yon gadyen, avoka gadyen oswa yon moun/mandatè ki ka pran desizyon medikal nan plas mwen.

Mwen ☐ bay ☐ pa bay yon kopi enstriksyon mwen alavans. Si wi, enstriksyon sa yo enkli
☐ Testaman Byolojik ☐ Moun ki ka pran Desizyon Medikal nan Plas mwen, oswa ☐ Lòt bagay ki espesifye:
_____.

Mwen resevwa eksplikasyon pa ekri sou dwa mwen kòm malad volontè epi yo eksplike mwen yo trè byen. Mwen konprann ke etablisman sa a otorize pa lalwa pou li kenbe mwen san konsantman m jiska 3 jou, san konte fennsemèn ak jou ferye, aprè ke m finn mande pou yo egzeyate mwen amwenske yo fè yon demann nan tribinal pou plasman envolontè nan yon delè de de (2) jou apre m finn fè demann lan.

Mwen konprann ke yo pral mande m pou mwen ranpli yon fòm deklarasyon finansyè epi yo ka chaje m pou pri tretman mwen an.

Mwen konprann ke etablisman an otorize pa lalwa pou transfere m nan yon lòt etablisman departmantal kan sa nesesè pou reponn a bezwen medikal mwen oswa pou yo ka itilize pi efikasan enstalasyon departman an. Mwen konprann ke anvan mwen transfere, administratè etablisman an pral avèti mwen pa ekri.

Siyati Malad Granmoun Dat (mwa/jou/lane) Lè _____ am pm

Non Temwen an Siyati Temwen an Dat (mwa/jou/lane) Lè _____ am pm

Avi admisyon sa a pa dwe fèt san konsantman malad la eksepte nan kadijans. Itilizasyon fòm sa a pou yon admisyon volontè egziye ke yo ranpli yon “Sètifikasyon yon Malad Konpetan pou Bay Konsantman Eksplisit e Eklere” nan yon delè de 24 èdtan epi si fòm lan itilize pou transfere yon malad de estati envolontè a estati volontè, yo dwe ranpli “Sètifikasyon an” anvan “Aplikasyon an”. “Aplikasyon” ak “Sètifikasyon an” dwe rete nan dosye klinik malad la.